



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EAST HARLEM KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA  
NAN REJYON VIL NEW YORK LA NAN KAD SIZYÈM FAZ INISYATIV  
REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

*Envestisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji  
global kwasans ekonomik ak kominotè Eta a*

*Eta a pral travay avèk rezidan, lidè kominote ak responsab piblik yo pou revitalize  
Heast Harlem*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke East Harlem pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Rejyon Vil New York la nan kad sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo ap resevwa 10 milyon dola pandan sizyèm faz la, k ap bay yon total 100 milyon dola nan angajman eta a pou ede kominote yo ranfòse ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Kilti ak istwa rich East Harlem se yon pati trè enpòtan nan istwa Vil New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè envestisman 10 milyon dola sa a, nou ka ede kominote a prezève eritaj li epi ankouraje devlopman ekonomik nan katye a pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen pa ka tann pou m wè East Harlem ekri pwochen chapit la nan istwa dinamik li".

DRI sèvi kòm yon eleman nan politik devlopman ekonomik Eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè yon pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme epi eksplwate plis envestisman prive ak piblik. Depatman Eta a ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a.

**East Harlem**

East Harlem, ke yo rele tou Hispanic Harlem, se pi gwo katye Pòtoriken nan mond lan apre San Juan, Pòtoriko. Yo rekonèt ktye a pou lari trè aktif ak biznis lokal yo, atizay ak

pentri sou mi ki dinamik li yo, jaden kominotè li yo ki byen jwenn swen ak yon kominote ki dedye pou defann ak prezève kay yo. Kominote a angaje l pou l kenbe eritaj kiltirèl rich li, pandan l ap rete fidèl ak eritaj aktivis jistis sosyal li.

Vizyon pou East Harlem la gen ladan transfòmasyon zòn nan pou tounen yon sant transpò piblik ak pòtay pou El Barrio ki chita sou aktivite ekonomik ki egziste deja epi ki alimante kwasans ekonomik ak travay alavni nan kominote a. Avèk pwojè ranplasman metwo Second Avenue ak vyadik Park Avenue an k ap vanse, East Harlem ap chèche enkòpore lari ki an sekirite, espas piblik vèt ak fonksyonèl, koneksyon plizyè mwayen transpò, ak magazen vant an detay lokal yo. Envestisman sa yo pral fèt an paralèl ak pwojè ki sipòte sante kominotè, lè pwòp ak twotwa yo, ansanm ak swen ak oryantasyon kiltirèl ki pral asire ke istwa ak avni El Barrio solidifye nan mitan chanjman katye yo.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Vil New York la te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon kominote yo atravè rejyon an te soumèt, epi konsidere kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande East Harlem kòm rejyon ki nonmen:

- Anba lavil la konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik yo te fè avan yo oswa katalize yo;
- Kwasans travay resan oswa iminan nan anba lavil la oswa toupre li ki atire travayè yo, soutni reyamenajman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la se yon kominote ki abita epi ki atiran pou divès popilasyon;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti nan yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmasyon ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

East Harlem te resevwa 10 milyon dola nan finansman ak envestisman eta a, pou revitalize katye anba lavil li epi jenere nouvo opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. East Harlem rejwenn kounye a Jamaica, Bronx, Anba Lavil Brooklyn ak Staten Island, ki te gayan rejyon Vil New York nan kad premye nan senk premye faz DRI yo.

East Harlem pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikasyon eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite

lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou sizyèm faz DRI a pral fin konplete an 2023.

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "East Harlem, mi querido El Barrio, se youn nan katye ki pi dinamik nan Vil New York, ki gen anpil istwa, kilti, ak yon idantite Latino ak Afriken Ameriken solid. Soti nan lokal nesans Tito Puente ak Langston Hughes oswa Majistra LaGuardia, aktivis Young lords yo, rive nan mize ki anlè Museum Mile, East Harlem kontinye kontribye nan dinamis ak divèsite Vil New York. Finansman atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral ede katye anblemantik sa a kontinye montre tout sa li gen pou ofri, atire vizitè ki soti toupatou nan eta a pou fè eksperyans lavi nan El Barrio, pandan l ap prezève eritaj istorik li a ak amelyore kalite lavi pou rezidan ki egziste deja yo nan transfòmè kòridò vital sa a".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Envestisman ki fèt atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap respire yon nouvo lavi nan katye yo atravè Eta New York, sa ki ap fè avanse objektif devlopman ekonomik nou yo. Kòm yon natif natal nan East Harlem, mwen konnen enpak finansman sa a pral genyen nan amelyore kè ak nanm kominote dinamik sa a. Lè nou revitalize East Harlem, n ap kreye yon sant dinamik aktivite ekonomik ki pral non sèlman estimile kwasans men tou ki pral pote nouvo opòtinite pou rezidan yo ak biznis yo".

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "East Harlem se youn nan kominote ki pi dinamik ak ki pi rich sou plan kiltirèl nan eta nou an, epi investisman kontinyèl atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la bay yon elan transfòmasyon k ap kontinye nan katye sa a. Dènye prim 10 milyon dola a fè pati yon estrateji global ki amelyore byen lokal yo pou satisfè bezwen inik East Harlem yo epi, sa ki enpòtan, li konplete nouvo pwopozisyon Kontra Lojman Gouvènè Hochul ki pral elaji rezèv lojman abòdab epi kreye kominote ki pi sekritè, estab ak dinamik".

**Reprezantan Adriano Espaillat te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou revitalize kèk nan katye ak kominote ki pi enfliyan nan New York yo. El Barrio te jwe yon wòl enpòtan nan idantite kiltirèl New York epi san dout gen yon plas espesyal nan kè anpil moun ki rele katye sa a lakay yo. Mwen rekonesan ke yo te chwazi East Harlem pou resevwa 10 milyon dola nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la epi mwen espere wè ki jan finansman sa a pral itilize pou ranfòse devlopman kominotè ak ekonomik, ankouraje ogmantasyon travay nan zòn nan, kreye espas piblik vèt ak fonksyonèl, ak sipòte lè klè ak sante kominotè nan tout rejyon an".

**Manm Asanble Eddie Gibbs, te deklare,** "Mwen aplodi Gouvènè Hochul ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York paske yo te chwazi East Harlem pou

resevwa finansman DRI a. Avèk gwo pwojè tankou Metwo Second Avenue ki prevwa elaji nan 125th St, finansman sa a pral ede prezève kilti nou an ak amelyore kominote nou an".

**Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare,** "Finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la se yon kokenn nouvèl pou East Harlem, epi se yon refleksyon sou jan katye a enpòtan pou fòs ekonomik tout rejyon an. Nou te aplike pou finansman sa a paske nou te konnen investisman sa a t ap bay yon opòtinite transfòmasyon pou investi nan estrikti kiltirèl, sosyal ak ekonomik rich la ki fè East Harlem se yon pati inik ak dinamik nan minisipalite nou an. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a ak Empire State Development pou patenarya yo, epi mwen espere travay avèk pati lokal ki konsène yo ak vwazen yo nan semèn ak mwa k ap vini yo pou pote lajan sa yo kote yo gen plis enpak".

**Prezidan Konsèy Uptown Grand Central, Diane Collier, te deklare,** "Se yon moman Oscar (rekonpans) pou kominote lojman abòdab nou an. Nou rekonesan anvè Gouvènè a paske li te angaje 10 milyon dola nan katye nou an pou pèmèt devlopman ekonomik la fèt ak kominote nou an vrèman pwospere".

**Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York la, Winston Fisher, Patnè nan Fisher Brothers, ak Félix V. Matos Rodriguez, Rektè University of New York (CUNY), te deklare,** "NYCREDC fyè pou li sipòte transfòmasyon East Harlem atravè sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la. Yon sant vil k ap pwospere se pa sèlman kè yon katye, men li sèvi tou kòm sant komès, kilti, ak kominote a. Investi nan revitalizasyon East Harlem reprezante yon investisman nan byennèt ekonomik kominote a ansanm ak pwospèrite sosyal li".

### **Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la**

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavi yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. DRI ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovan "planifye-anwit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavi konpak, ki adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan senk premye ane pwogram nan, eta a te angaje 600 milyon dola pou investi nan 59 anba lavi yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavi la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote

10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizayon avanse epi maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418